

TeleWIC

YON GID ETAP PA ETAP

Florida
HEALTH

ETAP 1



RELE NOU

Rele youn nan ajan trè kalifye nou yo nan **786-336-1300** pou w kapab pran oswa rebran randevou WIC ou a. Ajan yo disponib pou asiste ou Lendi rive Vandredi, 7:15 a.m. – 5 p.m.

ETAP 2

PWOGAME

Ajan WIC la ap kolekte enfòmasyon ou yo epi fikse yon randevou nan **dat, lè, epi tip randevou ou bezwen an (a distans oswa an pèsòn)**. Klike [la](#) pou w jwenn lis sant WIC Miami-Dade yo.



ETAP 3



Florida WIC

DOKIMAN

Avan randevou ou a, telechaje tout [dokiman](#) nesesè yo sou aplikasyon [Florida WIC la](#).

Li fasil epi rapid! Nouvo nan WIC? W ap resevwa **WIC Family ID** ou lè ou pran premye randevou ou – sèvi ak li pou w enskri nan aplikasyon an.

ETAP 4

REMINDER

W ap resevwa yon mesaj tèks **yon jou** anvan randevou WIC ou. Anrejistre nimewo **833-612-2215** kòm “Miami-Dade WIC” nan kontak ou pou w pa rate mesaj yo.

TeleWIC /Virtual Appointment:



In-person Appointment:



ETAP 5

ÈSKE OU PARE?

5 minit avan randevou WIC ou a, w ap resevwa yon tèks mesaj.

Si randevou a se an pèsonn li ye, tanpri rive a lè nan sant WIC ou a, ou pa bezwen reponn tèks la.

Si ou gen yon randevou WIC a distans/vityèl, reponn “1” epi n ap konnen ou pare.

Randevou a distans/vityèl:




Randevou a se an pèsonn:



! Sèlman reponn “1” si ou gen yon randevou vityèl

ETAP 6 – 8 YO SE POU RANDEVOU WIC A DISTANS / VITYÈL YO SÈLMAN

ETAP 6




WIC a distans SÈLMAN

Après ou fin reponn "1" ki fè nou konnen ou pare pou randevou WIC a distans ou an/vityèl, w ap resevwa yon mesaj konfimasyon. Tanpri pran yon ti pasyans, yon ajan WIC ap rejwenn ou byen rapid.


ETAP 7

PARE

Lè ajan pwogram WIC nan pare pou l wè w, w ap resevwa yon mesaj tèks ak yon **lyen**. Klike sou lyen an epi yon nouvo fenèt ap louvri nan navigatè entènèt ou a.




STEP 8



VIDEO CHAT

Après w fin klike sou lyen an, l ap mennen w nan ekran randevou vityèl la. **Antre non ou** nan bwat tèks la, epi klike **"Participer"**. Apèl videyo TeleWIC ou a pral kòmanse! Tanpri otorize aksè ak mikwofòn ou epi kamera ou. Pou fini apèl la, rakwoche tou senpleman. Ou pral resevwa yon mesaj tèks pou fè swivi eksperyans ou yo avèk nou. Nou apresye kòmantè ou yo.

NOUVO FONKSYONALITE!



OU KA AJOUTE LÒT MOUN KOUNYE A NAN RENDEVOU TELEWIC OU



Nou pran an chaj kòmantè ou yo epi ajoute yon nouvo fonksyonalite ki pèmèt ou ajoute lòt moun nan randevou TeleWIC ou, tankou konjwen ou, patnè ou, manm fanmi ou, elatriye.

Klike sou bouton **kadna** a anlè videyo a epi yon meni ap parèt. Klike sou **“partager”** epi voye lyen videyo a bay nenpòt kontak ou pa mesaj tèks, imèl, oswa lòt metòd.



- Lè w ap pran randevou ou a, asire w ou ekri dat, lè epi ki tip randevou a (an pèsonn oswa WIC a distans/vityèl).
- Ou ka telechaje [aplikasyon Florida WIC](#) epi enskri w lè w itilize WIC Family ID ou oswa kat EBT ou pou kòmanse.
- [Telechaje dokiman](#) yo sou aplikasyon WIC Florida a avan randevou a
- Lè ou reponn “1” pou w di nou ou pare ou pa bezwen voye yon lòt tèks ankò. W ap jwenn yon mesaj konfimasyon touswit.
- Toujou kite nimewo telefòn ou ajou avèk WIC. Rele nou nan 786-336-1300 si ou bezwen mete li ajou.

@MiamiDadeWIC | miamidadewic.org | 786-336-1300